



Pou Piblikasyon Imedya: 10/12/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 115 MILYON DOLA POU EDE GOUVÈNMAN  
LOKAL YO FINANSE PWOJÈ ENFRASTRIKTI DLO KI ENPÒTAN NAN ETA NEW  
YORK.**

*Pwojè yo sitiye nan Rejyon Kapital, Santral, Finger Lakes, Long Island, Mid-  
Hudson, North Country, Southern Tier ak rejyon Lwès New York*

*Yo atribye plis pase 33 milyon dola nan pwojè dlo potab ki adrese kontaminan  
emèjan yo*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse plis pase 115 milyon dola pou enfrastrikti dlo potab ak dlo pwòp ki enpòtan atravè eta a ki pwoteje oswa amelyore kalite dlo. Sibvansyon yo, prè san enterè ak prè ak yon enterè ki fèb te apwouve pa Konsèy Direktè EFC la 9 desanm 2021 an ki pral ede 34 minisipalite antreprann pwojè dlo potab yo ak dlo ize yo. Nan finansman yo te anonse a, gen plis pase 33 milyon dola yo atribye nan 13 pwojè dlo potab nan konte Nassau ak Konte Suffolk pou adrese kontaminan emèjan yo.

"Tout Moun New York merite aksè ak dlo pwòp", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Finansman sa a pral amelyore enfrastrikti dlo pwòp ak dlo potab atravè eta a, adrese kontaminan emèjan yo, epi redwi polisyon. N ap kontinye travay ak gouvènman lokal yo ak patnè yo pou pwoteje kalite dlo Nouyòkè yo pou ane k ap vini yo."

Apwobasyon Konsèy la kouvri sibvansyon ak finansman ki prevwa nan Lwa sou Amelyorasyon Enfrastrikti pou Dlo a (Water Infrastructure Improvement Act, WIIA) nan kad Fon Renouvlab Eta pou Dlo Pwòp (Clean Water State Revolving Fund, CWSRF) ak Fon Renouvlab Eta a pou Dlo Potab (Drinking Water State Revolving Fund, DWSRF). Men pwojè yo apwouve pou resevwa fon yo:

**Pwojè Dlo Potab:**

- Vilaj Alden nan Konte Erie - Sibvansyon WIIA 108,000 dola pou konstwi de entèkoneksyon ant vilaj la ak Otorite Dlo Konte Erie (Erie County Water Authority) pou founi kapasite rezèv dlo.
- Vil Black Brook nan Konte Clinton - Sibvansyon WIIA ki se 1,079,280 dola pou konstriksyon yon nouvo rezèwa dlo ak de nouvo pi pwodiksyon pou Water District (Distri Dlo) No. 1.

- Konte Chautauqua - Sibvansyon WIIA 3,000,000 dola ak 1,993,061 dola nan yon finansman akouttèm, selon to mache a pou konstwi yon nouvo estasyon ponpaj ak rezèwva dlo ki kenbe apeprè 500,000 galon; pou enstale apeprè 18,000 pye lineyè konduit prensipal ak enstalasyon ki asosye; epi entèkonekte ak sistèm dlo Vilaj Fredonia.
- Dix Hills Water District nan Konte Suffolk - Sibvansyon WIIA 3,042,000 dola pou konsevwa ak konstwi yon nouvo pwosesis tretman nan etablisman tretman dlo ki egziste deja pou retire 1,4-dyoksan nan Pi No. 5-1 an.
- Otorite Dlo Konte Erie - Sibvansyon WIIA 2,519,272 dola pou enstale apeprè 5,000 pye lineyè konduit prensipal transmisyon dlo soti nan estasyon ponpaj dlo kri rive nan Izin Tretman Dlo Van De (Van De Water Treatment Plant) a.
- Vil Evans nan Konte Erie - Sibvansyon WIIA 2,898,000 dola pou konstwi yon nouvo rezèwva dlo, estasyon ponpaj siplemantè, jeneratris sipò, ak enstalasyon ki asosye yo.
- Vilaj Fishkill nan Konte Dutchess - sibvansyon WIIA 1,320,000 dola ak 880,000 dola finansman akouttèm, selon to mache a pou amelyorasyon ak ranplasman pi, amelyorasyon sistèm alimantasyon chimik, ak reyabilitasyon yon tank dlo ki kenbe 1 milyon galon.
- Vilaj Gilbertsville nan Konte Otsego - finansman san enterè 2,437,055 dola alontèm pou ranplase apeprè 25,000 pye lineyè konduit prensipal distribisyon dlo ansyen, enstale nouvo kontè sèvis, ranplase yon tank dlo ki deja egziste pa yon nouvo tank ki kenbe 200,000 galon, devlope de nouvo sous pi, epi konstwi yon nouvo batiman tretman ki pèmèt eliminasyon fè ak manganèz.
- Vil Hempstead nan Konte Nassau - Sibvansyon WIIA ki se 3,413,400 dola pou konsevwa ak konstwi yon nouvo Pwosesis Oksidasyon Avanse (Advanced Oxidation Process, AOP) nan etablisman tretman dlo Prospect Avenue Station ki egziste deja pou retire 1,4-dyoksan nan de pi.
- Vil Horseheads nan Konte Chemung - sibvansyon WIIA ki se 3,000,000 dola ak finansman 2,000,000 dola akoutèm selon to mache a pou ranplase apeprè 12,000 pye lineyè konduit prensipal dlo ki aje epi ki pa gen ase dimansyon.
- Vil Monroe nan Konte Orange - Sibvansyon WIIA ki se 897,750 dola pou amelyorasyon nan Distri Dlo Monroe Hills Estates No. 12 la.
- Vil North Tonawanda nan Konte Niagara - sibvansyon WIIA ki se 1,163,093 dola ak finansman 7,276,907 dola akoutèm selon to mache a pou amelyore ak repare izin tretman dlo ki egziste a ki gen ladan priz dlo kri, pi aspirasyon pou sèvis ki fèb, basen sedimantasyon, ak batiman filtrasyon an.
- Vilaj Ossining nan Konte Westchester - Sibvansyon WIIA ki se 3,000,000 dola pou konsevwa ak konstwi yon nouvo izin tretman dlo pou ranplase Izin Tretman Dlo Indian Brook (Indian Brook Water Treatment Plant) ki egziste deja a.
- Oyster Bay Water District nan Konte Nassau- Sibvansyon WIIA ki se 3,257,400 dola pou konsevwa ak konstwi yon nouvo pwosesis tretman nan etablisman tretman dlo ki egziste deja pou retire 1,4-dyoksan nan Izin No. 2.
- Port Washington Water District nan Konte Nassau- Sibvansyon WIIA ki se 11,362,800 dola pou konsevwa ak konstwi yon nouvo pwosesis tretman nan etablisman tretman dlo ki egziste deja pou retire 1,4-dyoksan ak

pèfliyowooktanoyik (perfluorooctanoic, PFOA) nan Morley Park Station nan twa pi.

- Vil Poughkeepsie nan konte Dutchess - finansman san enterè 8,518,600 dola alontèm, ak 1,500,000 dola nan WIIA ki rete fon pou konstwi de rezèvw dlo ki kenbe 2.5 milyon galon pou ranplase yon rezèvw ki kenbe 5 milyon galon epi ranplase konduit dlo ki aje nan divès kote atravè sistèm distribisyon dlo a.
- Vil Olean nan Konte Cattaraugus - sibvansyon WIIA ki se 780,000 dola pou chanje apeprè 3,500 pye lineyè konduit dlo prensipal ak enstalasyon ki asosye avèk yo nan zòn priyorite yo chwazi yo nan sistèm dlo a.
- Vilaj Sackets Harbour nan Konte Jefferson - sibvansyon WIIA 1,639,800 dola ak finansman 1,769,200 dola akoutèm selon to mache a pou amelyorasyon sistèm ki gen ladan ranplasman priz dlo kri ki egziste deja, pi imid, ak ponp ki alimante izin filtraj vilaj la.
- Vil Sennett nan Konte Cayuga - Sibvansyon WIIA 1,781,400 dola pou ranplase rezèvw dlo ki egziste deja a ak yon nouvo tank ki kenbe 300,000 galon, pou enstale apeprè 21,000 pye lineyè konduit dlo prensipal ki pral ranplase konduit ki aje/ki pa gen ase dimansyon ki egziste yo, epi pwolonje dlo piblik pou sèvi lòt rezidans.
- Otorite Dlo Konte Suffolk - sibvansyon WIIA jan sa endike pi ba a pou nèf pwojè ki pral konsevwa ak konstwi yon nouvo pwosesis tretman pou retire 1,4-dyoksàn nan plizyè teren kaptaj pi ki egziste deja a:
  - 1,800,000 dola sibvansyon WIIA: Pi No. 1 ak 2 nan teren kaptaj Middleville Road la
  - 1,800,000 dola sibvansyon WIIA: Pi No. 1 ak 2A/2B nan teren kaptaj Falcon Drive la
  - 900,000 dola sibvansyon WIIA: Pi No. 1 teren kaptaj Old Dock Road la
  - 900,000 dola sibvansyon WIIA: Pi No. 2 nan teren kaptaj Waterside Road la
  - 1,800,000 dola sibvansyon WIIA: Pi No. 1A ak 2 nan teren kaptaj Broadway la
  - 900,000 dola sibvansyon WIIA: Pi No. 1 nan teren kaptaj Douglas Avenue an
  - 2,700,000 dola sibvansyon WIIA: Pi No. 1, 2 ak 3 nan teren kaptaj Flower Hill Road la
  - 900,000 dola sibvansyon WIIA: Pi No. 1 nan teren kaptaj Hollywood Place la
  - 900,000 dola sibvansyon WIIA: Pi No. 1 nan teren kaptaj McKay Road la
- Vil Sullivan nan Konte Madison - Sibvansyon WIIA 480,000 dola pou kreye Hamilton Brown/Bushnell Shore Water District, ki gen ladan enstalasyon apeprè 8,100 pye lineyè nouvo konduit dlo, bòn ensandi ak enstalasyon, ak koneksyon Otorite Dlo Konte Onondaga.

### **Pwojè Dlo Pwòp:**

- Vilaj Bronxville nan Konte Westchester - sibvansyon WIIA 283,625 dola ak 223,500 dola pou planifikasyon, konsepsyon ak konstriksyon amelyorasyon sistèm egou sanitè.

- Vil Carrollton nan Konte Cattaraugus - finansman san enterè 1,256,635 dola alontèm, pou amelyorasyon izin tretman dlo ize ak estasyon ponpaj sistèm koleksyon.
- Vil Clarkstown nan Konte Rockland - Sibvansyon WIIA 733,974 dola pou amelyorasyon estasyon ponpaj lan.
- Vilaj Geneseo nan Konte Livingston - 345,085 dola finansman alontèm san enterè pou amelyorasyon izin tretman dlo ize.
- Vil Greenville nan Konte Greene - 520.000 dola finansman akoutèm ak 610,821 dola nan fon WIIA pou ekstansyon distri egou ak amelyorasyon izin yo.
- Vilaj Moravia nan Konte Cayuga - 7,000,000 dola finansman akoutèm san enterè pou amelyorasyon izin tretman dlo ize.
- Konte Onondaga - 2,250,000 dola sibvansyon WIIA, 1,875,000 dola nan finansman akoutèm ak san enterè epi 1,875,000 dola nan finansman akoutèm ak nan to mache a pou diminye aflik ak enfiltrasyon nan sistèm koleksyon an.
- Vil Orangetown nan Konte Rockland - Sibvansyon WIIA 96,000 dola pou amelyorasyon sistèm yo nan izin tretman dlo ize vil la ak estasyon ponpak ki asosye yo.
- Vil Oswego nan Konte Oswego - finansman 1,761,994 dola alontèm san enterè pou amelyorasyon sistèm egou sanitè West Side (Zòn 2), ak finansman 2,880,437 dola alontèm, san enterè pou pwojè Separasyon Egou West Side la.
- Vil Thompson nan Konte Sullivan - finansman 4,000,000 dola akoutèm san enterè pou amelyorasyon estasyon ponpaj lan nan distri egou vil la.
- Vil Utica nan Konte Oneida - finansman 3,254,374 dola alontèm san enterè ak 476,533 dola nan rès fon Sibvansyon pou Konstriksyon Solisyon Entegre (Integrated Solutions Construction Grant) pou konsepsyon ak konstriksyon pratik enfrastrikti vèt ak separasyon egou konbine an egou siklòn ak sanitè endividyèl.
- Vil Wappinger nan Konte Dutchess - 2,484,620 dola IMG pou konstwi Koneksyon Egou Wildwood la ak Etablisman Tretman Dlo Tri-Minisipal la.

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral EFC a, Maureen A. Coleman te**

**deklare,** "Anons sa a make yon lòt investisman sibstansyèl nan enfrastrikti bon jan kalite dlo atravè Eta New York. Li bay ton pou travay Kòporasyon Etablisman Anviwònmanal (Environmental Facilities Corporation, EFC) pral fè pou maksimize sibvansyon dlo eta yo pral akòde nan mwa k ap vini yo, gras ak disponiblite 600 milyon dola nan sibvansyon Amelyorasyon Enfrastrikti Dlo, Entèminisipal, ak sibvansyon Amelyorasyon Enfrastrikti Kalite Dlo Gouvènè Hochul te anonse pandan Semèn Klimatik (Climate Week) la. Anplis adrese yon kantite aplikasyon istorik pou finansman sibvansyon dlo eta ke EFC te resevwa anvan dat limit 22 novanm lan, EFC ap prepare aktivman pou gwo enfizyon fon federal ki soti nan Lwa sou Investisman ak Travay nan Enfrastrikti (Infrastructure Investment and Jobs Act) bilateral la. EFC espere fè patenarya ak Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York, Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York, ak gouvènman lokal yo pou lanse pwojè ki rann enfrastrikti nou an pi rezistan fas ak chanjman klimatik ak amelyore kalite dlo pou tout Nouyòkè yo."

**Komisè DEC la ak Prezidan EFC a, Basil Seggos te deklare,** "Gouvènè Hochul konprann defi fiskal vil, ti vil ak vilaj New York yo ap rankontre lè y ap avanse efò yo pou ranfòse ak modènize enfrastrikti dlo pwòp. Avèk defi ki gen ladan yon ogmantasyon gwo tanpèt ak evènman metewolojik ekstrèm, pwoliferasyon alg ki danjere yo (harmful algal blooms, HABs), ak kontaminan emèjan yo, New York ap priyoreze envestisman jenerasyonèl nan pwojè dlo potab ak dlo ize, ansanm ak bon travay pwojè sa yo kreye. Finansman an, ansanm ak yon enfizyon finansman federal ki soti nan Lwa federal sou Envestisman ak Travay nan Enfrastrikti ki te pase a, pral bay plizyè santèn milyon dola nan sibvansyon ak prè san enterè oswa nan yon to enterè ki fèb pou asire lokalite yo gen resous yo bezwen pou konplete pwojè enpòtan yo ki pwoteje sante piblik ak anviwònman an."

**Komisè Sante Eta New York pa Enterim nan Doktè Mary T. Bassett, te deklare,** "New Yoek Angajman li pou finance inisyativ amelyorasyon dlo potab yo ak lòt inisyativ dlo pwòp yo k ap fè yon enpak dirab sou sante kominote nou yo. Kòm regilatè pou gwo rezo sistèm dlo potab piblik New York la - anpil nan yo aje - Depatman Sante a espere travay avèk Gouvènè Hochul pou kontinye priyoreze finansman pou pwojè enfrastrikti enpòtan sa yo nan tout eta a."

**Senatè Eta a, Gustavo Rivera te deklare,** "Mwen bat bravo pou efò administrasyon Hochul la fè nan alokasyon finansman enpòtan nan pwojè ki pral amelyore kalite dlo Nouyòkè yo konsome. Etap enpòtan sa a pral ede pwoteje apwovizyonman dlo potab epi pwoteje sante Nouyòkè yo atravè eta a kont ekspozisyon danjere ak kontaminan danjere yo."

CWSRF ak DWSRF se pwogram debaz finansman EFC a. Avèk patnè li DEC, EFC responsab pou operasyon ak administrasyon CWSRF la. CWSRF la pèmèt EFC ofri finansman san enterè oswa avèk enterè ba ak sibvansyon pou soutni yon varyete pwojè tretman dlo ize ki kalifye. EFC ap opere ak administre DWSRF la menm jan an, avèk kolaboratè li an DOH, pou ofri finansman san enterè oswa ak enterè ba ak sibvansyon pou pwojè enfrastrikti pou dlo potab.

###